



## Sant Sipò Maryland GoVAX pou Vaksinasyon kont COVID-19

1-855-MDGOVAX | 1-855-634-6829

7 a.m. rive 10 p.m. | 7 jou sou 7

Depatman Sante Maryland (Maryland Department of Health, MDH) lan te louvri Sant Sipò Maryland GoVAX pou Vaksinasyon kont COVID-19 la pou l rann randevou pou moun pran vaksen kont COVID-19 ansanm ak enfòmasyon ki lye ak COVID-19 yo byen aksesib pou tout moun ki abite Maryland ki pa gen aksè ak entènèt.

Moun ki rele Sant Sipò a pral tandè yon premye mesaj ki anrejistre sou disponiblite randevou yo nan sit vaksinasyon an mas ki nan eta Maryland yo. Moun ki rele yo ka navige atravè yon seri envitasyon pou yo dirije apèl yo vè enfòmasyon yo dezire yo.

Aprè moun ki rele yo fin antre kòd postal senk chif yo a, yo gen posiblite pou yo kontinye swa pa mesaj tèks oswa pou yo pale an dirèk ak yon Avoka pou Sipò. Yo ka chaje w pou mesaj tèks oswa done yo. Yo prezante moun ki rele ki vle pale ak yon Avoka pou Sipò yo avèk yon meni ki gen opsyon pou yo:

- Detèmine si yo elijib pou pran vaksen an
- Jwenn adrès yon sit kote yo fè tès pou COVID-19 la (grasa kòd postal ki gen 5 chif la)
- Pwograme randevou pou pran premye ak dezyèm dòz vaksen an nan yon sit vaksinasyon an mas epi jwenn konfimasyon pou randevou yo
- Jwenn èd sou kijan pou jwenn yon pwofesyonèl sante ki bay vaksen ki pi pre ou
- Jwenn enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 la
- Poze kesyon jeneral sou COVID-19

Avoka pou Sipò An Dirèk yo disponib pou moun ki rele ki itilize alafwa sèvis apèl vokal ak sèvis mesaj tèks yo nenpòt ki lè. Avoka pou Sipò yo disponib nan lang Anglè ak Panyòl.

Abitan Eta Maryland ki gen aksè ak entènèt yo, ka ale sou [covidlink.maryland.gov](https://covidlink.maryland.gov) epi konekte atravè wobo-konvèsasyon (chatbot) oswa mesajri enstantane avèk yon avoka. Itilizatè entènèt yo ka ale tou sou [coronavirus.maryland.gov/pages/vaccine](https://coronavirus.maryland.gov/pages/vaccine) pou yo jwenn sit vaksinasyon ki pi pre a.

### Enfòmè w Avan Ou Ale Pran Vaksen w lan

- Konfime estati elijiblite w nan youn nan [Gwoup Priyorite Vaksen Eta Maryland yo](#)
- Konfime dat, lè ak kote randevou w la
  - Yo pwograme dezyèm dòz ou a lè randevou pou pran premye dòz la fin planifye
  - Pa rive pita pase 15 minit avan randevou w planifye a
- Mache avèk dokiman ki nesèsè pou randevou w la (*Asirans pa obligatwa*)
- Pare w pou siyen yon atestasyon ki sètifye ou elijib pou pran yon vaksen ak pou bay enfòmasyon kontak ou yo

## Kisa pou Atann nan Randevou pou Pran Vaksen w lan

- Mete yon mask, rete nan machin ou, pare w pou montre Kat Idantifikasyon w ansanm ak nimewo konfimasyon randevou a oswa kòd QR la
- Revize feyè enfòmasyon ou resevwa ki gen enfòmasyon konsènan vaksen kont COVID-19 w ap pran an
- Pare w pou rete sou plas pou yo kontwole si w pa gen reyaksyon alèji pandan 15-30 minit apre w fin pran piki a
- Prepare yon kote ki sekirize pou konsève kat vaksinasyon ki konfime ki tip vaksen kont COVID-19 ou te pran an ansanm ak lè ak kote w te pran piki a. W ap bezwen kat la tou pou konfime randevou pou pran dezyèm piki a. Konsidere pran foto kat la pou konsève l yon kote ki asire

### Sit Vaksinasyon an Mas nan Eta Maryland

**Yo bay vaksen yo sou randevou sèlman. Pa gen aksè pou vini san randevou.**

#### Six Flags

Dat Ouvèti: 5 fevriye 2021

Lokal: 13710 Central Avenue, Upper Marlboro, MD 20721

Lendi-Dimanach, 8 a.m. rive 4 p.m.

Enskripsyon pou randevou yo disponib tou sou entènèt la nan [massvax.maryland.gov](https://massvax.maryland.gov)

#### Baltimore Convention Center

Dat Ouvèti: 5 fevriye 2021

Lokal: 1 West Pratt Street, Baltimore, MD 21201

Lendi-Vandredi, 8 a.m. rive 1 p.m.

Samdi, 1 p.m. rive 3 p.m.

Enskripsyon pou randevou yo disponib tou sou entènèt la nan [www.umms.org/BCCvaccine](https://www.umms.org/BCCvaccine).

#### M&T Bank Stadium

Dat Ouvèti: 25 fevriye 2021

Lokal: 1101 Russell Street, Baltimore, MD 21230

Lendi-Dimanach, 9 a.m. rive 5 p.m.

Enskripsyon pou randevou yo disponib tou sou entènèt la nan [www.umms.org/StadiumVax](https://www.umms.org/StadiumVax)

Ou ka jwenn mizajou sou randevou pou sit vaksinasyon an mas yo lè w voye tèks 'MdReady' nan 898-211.

### Jwenn yon Pwofesyonèl Sante ki Bay Vaksen kont COVID-19 nan yon Sit Vaksinasyon ki Pa Sit Vaksinasyon an Mas

Ou ka [jwenn yon adrès sit](#) vaksinasyon ki fasil pou ale ladan l pou pran alafwa premye ak dezyèm piki w la. Avan w kite premye randevou w la, asire w ke ou fè yo pwograme yon dezyèm randevou nan menm sit la oswa ou konn kijan pou pwograme l. Ale sou [coronavirus.maryland.gov/pages/vaccine](https://coronavirus.maryland.gov/pages/vaccine) pou jwenn yon sit vaksinasyon.